# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАРИЙХЫНДАҒЫ ЕЛ БАСҚАРЫЎШЫЛАР ҲӘМ ХАЛЫҚ БАТЫРЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА ИЗЕРТЛЕЎДЕ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ДЕРЕКЛЕРДИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Сапаров Закирбек Султаниязович**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис*

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң миллий қәдириятларымыз қайта тикленди ҳәм тарийх илимин изертлеўде кең имканиятлар пайда болды. Өзбекстан тарийхында мәмлекетлик басқарыў системасы тарийхы ҳәм халықлардың социал-экономикалық турмысы ҳаққында көплеген илимий мийнетлер жазылмақта. Соның ишинде Қарақалпаақстан тарийхындағы тарийхый тулғаларға объектив тәризде баҳа бериў актуал мәселелерден бири болып қалмақта. Соның ушын биз мақаламызда тарийхый тулғалар болған ел басқарыўшылар ҳәм халық батырларын изертлеўде тарийхый дереклер менен бирге фольклорлық дереклердиң әҳмийетин көрсетпекшимиз.

Совет ҳәм ғәрезсизлик жылларында рус тарийхшыларынан П.П.Иванов, Т.А.Жданко, С.П.Толстов ҳәм жергиликли илимпазлардан К.Мамбетов, С.Камалов, Р.Қосбергенов, Х.Есбергенов, М.Тилеўмуратов, С.Баҳадырова ҳәм тағы басқа илимпазлар фольклорлық дереклерден пайдаланған ҳалда өз мийнетлеринде тарийхый тулғалар ҳаққында келтирип өткен. Бул мийнетлер Қарақалпақстан тарийхындағы тарийхый тулғаларды изертлеўде ҳәм объектив көзқараслар қәлиплестириўде метология ўазыйпасын атқарады.

Фолклортаныўшы ҳәм тарийхшы Е.Қанаатов өз мийнетинде фольклорлық дереклердиң тарийхый дерек сыпатындағы әҳмийетин түсиндиреди. Халық өз басынан қанша тарийхый ўақыяларды өткермесин, олар тутас ҳалында тарийхый яднамасында сақланып қалмаған. Бирақ, олардың қандай да бир қалдықлары халық ядында, әсиресе миллий фольклорында өз излерин қалдыратуғыны тәбийий [Қанаатов Е., 2024. – 19].

Қазақ илимпазлары өз мийнетлеринде батырлар институтының қәлиплесиў дәўириниң тарийхый эволюциясы батырлар жырынан анық көринеди деп есаплаған. Батырлар жырын талқылап, батырлардың социаллық институт ретинде қәлиплесиў жолын көриўге болады [Карибаев Б.Б., Майданали З., Дауытбекова М.Қ., Тасилова Н.А., Бижанова М.Т., 2020. – 150]. Қарақалпақларда фольклортаныў илимин комплексли тәризде изертлеген илимпаз Қ.Айымбетов тарыйхый жырларға дерек сыпатында анықлама берген. Тарийхый жырлар халықтың басынан өткен тарийхый ўақыяларға толы, тарийхый жыр болып аталыўының себеби де соннан. Олар халық жыршылары тәрепинен ҳәр заманлардан бери жыр болып жырланып, қосық болып айтылып

келген. Сонлықтан “жыр” сөзин қосып, «Тарийхый жыр» деп атаўға ҳақымыз бар [Айымбетов Қ., 1977. – 136].

XIX әсир ақыры XX әсир басындағы Әмиўдәрья төменги ағымы аймағындағы ел басқарыўшы ҳәм халық батырлары ҳаққында көплеген фольклорлық шығармалар болып, ондағы ел басқарыўшылар ҳәм халық батырларының искерлигин көриўиге болады.

«Қарақалпақ фольклоры»ның 62-томына «Өтеш батыр» дәстаны киргизилген [Қарақалпақ фольклоры,2013. – 303-372]. Өтеш Дәўлетназар улы1861-1916-жылларда жасап, XX әсир басында Әмиўдәрья шеп жағалығында Хийўа ханлығы қурамындағы қарақалпақ жерлериндеги халықларды түркмен басқыншыларынан қорғаған халық батыры болған.

«Өтеш батыр егер алартса көзин// Қарап көриў мүмкин емести жүзин// Мурты қулағынан серели артық// Қалың сондай бадҳайбатлыҳәмузын. Мурын танаўына мушың сыйғыдай// Сыртқы келбети де келискен сондай// Мойны геўде менен тутасып кеткен// Ийегинде сақалы бар азғантай» [Қарақалпақ фольклоры, 2013. – 368]. Халық арасында Өтеш батырдың домалақ жүзли, алп тулғалы, мурты қара шийратылған, бадырақ көз, айбатлы адам болғанлығы ҳаққында мағлыўматлар сақланған [Сапаров З., 2023]. Бундай мағлыўматлар бирин-бири толықтырып, тарийхый тулғаның антропологиялық келбетиниң сәўлелениўи арқалы батырдың қаншелли дәрежеде физикалық күшке ийе болғанлығы ҳаққындағы дереклерди береди.

«Жаңа қала салыныўы қызық та// Қутлымурат өзи басшы бирақ та // Өтеш те хабардар, еситип те жүр// Адам жыйнап барып-келип жән-жаққа. Қутлымурат болса ол жайға башшы// Өтешти сыйлайды барлық ел иши// Қоңыраттан тартып Хожелигеше// Бәршеси Өтештиң абройы күши» [Қарақалпақ фольклоры, 2013. – 361]. Өтеш батыр ҳаққында өзиниң дала жазыўлары арқалы изертлеў алып барған Ш.Тәжимуратов өз мақаласында XIX әсир ақырында ҳәзирги Қанлыкөл әтирапында салынған Жаңа қала ҳаққында атап өтип, қорған төртмүйешли болып, арқа тәрепинде киши дәрўаза, қубла тәрепинде үлкен дәрўаза салынған. Қаланың салыныўына Қутлымурат беглербеги, Шәрибай беглербеги, Жусуп беглербеги ҳәм Қосжан беглербеги басшылық еткен [Тажимуратов Ш., 2000].

Дәстанда Өтеш батыр ҳәм Қутлымурат беглербеги арасындағы социаллық мүнәсебетлер ҳаққында мағлыўматлар бар:«Бир айдың ишинде питкериў керек// Барлық елге соны жеткериў керек// Өзлеримиз барып ол башшыларын// Қылмаса айтқанды өткериў керек. Өтеш мақул көрип Қутлымурат сөзин // Шынында жақсы да болмас деп изин// Барлық елге хабар қылмақты ойлап // Турды ол қысыңқырап қос үлкен көзин» [Қарақалпақ фольклоры, 2013. – 368].

Дәстанда Қутлымурат беглербеги ҳәм Өтеш батырдың халықтың социал-экономикалық машқалаларын биргеликте шешкенлиги ҳаққында көплеген дереклер бар.

Қутлымурат Аманбай улы 1850-1938-жылларда жасап, қарақалпақлардың қытай қәўими аралбай урыўынан болған. Қутлымурат беглербегиниң ҳәзирги Қанлыкөл районындағы «Бостан» аўыл пуқаралар жыйынында, бурынғы «Қоғам» аўылында отыз гектар шамасында «Ақ ҳәреми» болған. Бул жерде тоқсан хожалық қарақалпақлардың аралбай урыўы оның менен қоңсылас отырған. Ол беглер беги лаўазымында қырқ жыл даўамында Хийўа ханының мөрин әмелде пайдаланып, ҳәкимшилик ҳәм халықтан салық алыў ислерине басшылық еткен [Сапаров З., 2024]. Тарийхый тулғалар ҳаққындағы илимий мийнетлер, архив дереклер, дала жазыўлары, фольклорлық ҳәм әдебий дереклер биргеликте изертленген ҳалда алып барылса, бул дереклер өзиниң объектив илимий көзқарасларына ийе болады.

Дәстанда совет дәўириндеги коммунистлик идеология тәсиринде тарийхый тулғаларды үстем класс ўәкиллери сыпатында атап, бир тәреплеме баҳа бериў ушырайды:«Қутлымурат беглербеги бай киси// Бир нешшелер ойлар: Өтештиң иси// Қутлымурат бегдиң пайдасы ушын// Ислеп жүр ғой, деп те айтар көбиси. Мениң жек көргеним бай менен болыс// Бирақ оны жоқ қылыўға жетпес күш// Байлар мениң айбатымнан қорқады// Сөйтип мени дейди «Өтешжан, Өтеш»» [Қарақалпақ фольклоры, 2013. – 370].

Колониал дәўирдеги тарийхый тулғалар искерлигине объектив баҳа бериўде Патша ҳүкимети менен жергиликли халық арасындағы социаллық мүнәсебетлерге, жергиликли волостлық басқарыўы дүзимине ҳәм басқа да факторларға дыққат қаратыў керек.

«Төртеў болды батыр липасын кийген// Төрт ағайин дейди буларды көрген // Төртеўи бир форма кийген кийими // Өтеш батыр сондай форманы берген» [Қарақалпақ фольклоры, 2013. – 371]. Дәстанда Өтеш Дәўлетназар улының батыр сыпатында ел қорғаў ушын жаўға қарсы гүрескенлиги сүўретленген. Илимпаз Қ.Байниязов өз мийнетиниң«Өтеш батыр ҳаққында ҳақыйқатлық» бөлиминде Өтеш батыр әтирапына қырқ жигит топлағаны ҳәм төрт аға-инили туўысқан барқулла оның жанында саўашларда қатнасқанлығы келтирген. Өтеш батырдың 40 жигитиниң барлығы қарақалпақлар болған. Олардың арасында туўысқан инилери Мамыт, Сайыт, Қаражанлар болған [Байниязов Қ., 1993. – 71].

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан тарийхындағы Қутлымурат беглербеги ҳәм Өтеш батыр сыяқлы тарийхый тулғаларға ҳалыс баҳа бериўде тарийхый дереклер менен бирге фольклорлық дереклер де әҳмийетли есапланады. Соның ушын бүгинги күнде ел басқарыўшылар ҳәм халық

батырларын изертлегенде тарийхый, архивлик, әдебий ҳәм фолклорлық дереклерден пайдаланған ҳалда жаңаша көзқараслар қәлиплестириў заман талабы болып отыр.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – 224 б.

2. Байниязов Қ. Елим деп еңиреген ерлер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – 180 б.

3. Карібаев Б.Б., Майданали З., Дауытбекова М.Қ., Тасилова Н.А., Бижанова М.Т. Қазақ хандығының басқару институттары. – Алматы: Қазақ университеті, 2020. – 242 б.

4. Қарақалпақ фольклоры. 57-66-томлар / Ред. Айымбетов Н.Қ. ҳәм тағы басқалар. – Нөкис: Илим, 2013. – 462 б.

5. Қанаатов Е.Е. Қарақалпақ халық тарийхый қосықлары. – Нөкис: Авангард, 2024. – 80 б.

6. Сапаров З. Дала жазыўлары. 2023. – №5. Информатор: Сәрсенбай Пирлепесов, 1951-жылы туўылған, Хожели районы.

7. Сапаров З. Дала жазыўлары. 2024. – №5. Информатор: Төремуратов Хожам, 1938-жылы туўылған, Қанлыкөл районы.

8. Тажимуратов Ш. Жаңақала қорғаны ҳаққында дәреклер // «Әмиўдәрья» журналы, 1990.